

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Sastra numutkeun Esten (1987, kc.9) nya éta kedalna fakta artistik jeung imajinatif minangka maniféstasi kahirupan manusa jeung masarakat umumna ngaliwatan basa minangka media jeung miboga éfék positif pikeun kahirupan masarakat. Karya sastra minangka hasil tina hiji kabudayaan méré gambaran kana kahirupan lingkungan masarakatna, ieu hal saluyu jeung tiori *mimésis* nu nétélakeun yén karya sastra téh mangrupa hiji gambaran titiron kahirupan dunya. Ku kituna, dina unggal genre, sastra ngagambarkeun kondisi insani atawa manusa jeung gambaran sagala perasaan, pikiran, ide, kahayang, kayakinan, pangalaman jeung pangaweruh.

Carita pondok (carpon) nya éta karangan (tinulis) rékaan atawa (fiksi) dina wangun lancar, prosa naratif Koswara (2009, kc.97). Galur carita carpon kawilang basajan duméh jumlah kajadian caritana henteu réa, museur kana kajadian utama, palakuna ogé ukur dua tilu sarta mangrupa hiji épisode. Ku lantaran kitu, ieu carita téh relatif pondok.

Gumelarna carpon minangka salasihiji genré tina sastra Sunda tangtuna ngeyeuban sastra Sunda anu ngawengku sastra lisan jeung sastra tulisan. Carpon anu mangrupa salasihiji tetenger kamajuan sastra Sunda ngaliwatan kedalna carita salancar, anu wangunna nurutkeun kana tradisi tulisan dina sastra deungeun. Jengléngan carpon minangka kabeungharan sastra Sunda ngagambarkeun mangpirang kaayaan boh fisiologis, sosiologis, psikologis urang Sunda katut masarakat anu digambarkeun ku basa Sunda.

Novel jeung carpon gumelar lantaran pangaruh ti nagara deungeun mere gambaran kahirupan masarakat atawa individu kalawan sagala pasualan dina kahirupanana. Ricoeur dina Ratna (2011, kc.288) karya sastra lain mangrupa *langue*, lain penanda, karya sastra mangrupa *parole*, pesan atawa wacana. Sastra minangka salasihiji wangun wacana, boga kamampuh pikeun mekar teu diwatesan gumantung kana kamampuh imajinasi nu maca.

Patali jeung imaji nu maca, karya sastra bisa mucunghulkeun mangpirang imajinasi jeung presépsi ti nu maca. Sanggeus hiji karya sastra diwanohkeun ka balarea, hiji karya lain jadi milik si pangarang tapi ogé jadi milik nu maca. Sakumaha nu ditétélakeun ku Semi (1989, kc.20) yén tiap jalma miboga kasempetan pikeun méré tafsiran kana hiji karya sastra lantaran hakékat sastra téh *poliinterpretable*. Ku lantaran éta, unggal jalma bisa nangtukeun ajén, harti, ma'na, sarta hakékat tina salasahiji karya sastra nu bisa disebut minangka kagiatan kritik sastra.

Anu jadi kasang tukang sosial tina ieu panalungtikan nya éta kumpulan carpon *Nu Harayang Dihargaan* karya Darpan mangrupa salasahiji karya anu nembongkeun kahirupan sosial kamasarakatan anu aya di wewengkon Karawangpirang, Jawa Barat. Karawang minangka wewengkon anu masarakatna majemuk ogé boga subkultur anu réa jadi salasahiji tempat anu budayana diwangun tina akulturasi mangpirang kabudayaan anu awor di Karawang, kawas paguneman tokoh Ikah jeung si Abang anu mangrupa campuran basa Sunda jeung basa Jawa. Lian ti kitu, kumpulan carpon *Nu Harayang Dihargaan* kungsi kasinugrahan Hadiah Rancagé taun 1999 anu mangrupa salasahiji pangajén sastra daérah anu pangluhungna. Eta tandaning kumpulan carpon *Nu Harayang Dihargaan* geus nyampak kualitasna sarta diajénan ku masarakat utamana para ahli sastra. Disagédéngeun éta saméméh kumpulan carpon *Nu Harayang Dihargaan* dibukukeun, sababaraha carponna kungsi dimuat disababaraha media citak kaasup Manglé anu nembongkeun yén aprésiasi masarakat kana éta carpon kawilang hadé, tepi ka éta carpon dibukukeun.

Demi kasang tukang inteléktual tina ieu karya nya éta masih héngkerna panalungtikan ngeunaan pasualan gender anu nyampak dina sastra Sunda. Numutkeun Yulianeta (2009, kc. 669) sastra nembongkeun peran penting dina idéologi génder. Ayana hal anu beda antara anatomi biologi wanoja jeung lalaki. Peran génder beda jeung peran kodrat anu mangrupa bebedaan antara anatomi awéwé jeung lalaki, lantaran dina peran kodrat urang teu bisa nukeurkeun alat biologis awéwé jeung lalaki. Ari génder numutkeun Fakih (2013, kc. 8) mangrupa sipat anu nyampak di kaom lalaki atawa wanoja anu dikonstruksi kalawan sosial

jeung kultural. Ulikan ngeunaan génder jadi salasihiji hal anu kudu di réfleksikan minangka salasihiji ulikan ngeunaan pasualan sosial kamasarakat anu karandapan antara bébédaan awéwé jeung lalaki.

Karya sastra dina hakékatna mangrupa gambaran hiji jaman. Saban jaman boga pasualan anu béda-béda. Éta pasualan bakal nyampak ina karya sastra anu medal dina eta jaman Yulianeta (2014, kc. 253). Kitu deui kumpulan carpon *Nu Harayang Dihargaan* anu medal dina mangsa ordeu baru nembongkeun pasualan jeung *kecenderungan* anu nyampak dina éta karya. Mangsa ordeu baru anu museurkeun pangwangunan tan miroséa kaayaan sosial masarakat jadi cukang lantaran kamiskinan dina kaom wanoja utamana, contona baé dina mangsa swasembada pangan anu ngawanoh jenis paré unggul anu leuwih pendék ngabalukarkeun prakprakan panén ngunakeun étém atawa *ani-ani* anu mangrupa pakakas wanoja, Fakhri (2013, kc. 14). Éta hal anu jadi kasang tukang akademis tina ieu panalungtikan.

Anu seja ditalungtik nya éta salasihiji kumpulan carpon karya Darpan anu judulna *Nu Harayang Dihargaan* anu ngawengku lima belas carpon kalawan latar jeung carita anu boga jejer anu mandiri. Anapon ajén-ajén anu baris diguar dina ieu panalungtikan ngeunaan idéologi génder anu nyangkaruk dina saban tokoh anu nyampak dina carpon anu aya dina buku kumpulan carpon *Nu Harayang di Hargaan*.

Ieu panalungtikan bakal ngagunakeun pamarekan kritik sastra feminisime, anu bakal ngaguar ajén sosial idéologis tina tokoh ogé hal-hal anu aya disatukangeun tokoh anu mangaruhan kana alam idé jeung idéologis tokoh dina carpon anu di talungtik. Ari jenis idéologi génder ngawengku idéologi patriaki, idéologi familialisme, idéologi ibuisme, dan idéologi umum. Lian ti kitu, idéologi génder pikeun mesék pasualan hirup kumbuh wanoja anu aya dina kahirupan patriaki, sarta sakumna pasualan anu karandapan ku wanoja tina diskriminasi sarta bébédaan antara kahirupan awéwé jeung lalaki dina kahirupan sapopoé. Idéologi patriaki, idéologi familialisme, idéologi ibuisme, dan idéologi umum anu seja dijadikeun tatapakan dina ngaguar idéologi tina saban karakter tina kumpulan carpon *Nu Harayang di Hargaan*.

Aya sawatara panalungtikan ngeunaan génder anu kungsi dipedalkeun saméméhna diantarana bae “Citra Wanoja dina Sastra Sunda: Kritik Sastra Féminis Idéologis kana Novel *Pipisahan* Karangan R.A.F” (Ai Rohmawati, 2008); “Karakteristik Tokoh Wanoja dina Kumpulan Carpon *Jurig Paséa jeung Nyi Karsih* Karangan Tini Kartini” (Siti Saribanon Nurjanah, 2004); “Citra Wanoja dina *Nu Kaul Kaul Lagu Kaléon jeung 40 Dongéng Énténg ti Pasantrén* Karya R.A.F (kajian structural jeung feminisme idéologis)”. (Anisa Rahma, 2013). Lian ti éta aya tésis nu medar perkara feminisme dina sastra Sunda nya éta “Suara Perempuan dalam Novel Sunda *Puputon “Buah Hati”* Karya Aam Amilia: Kajian Feminisme”. Ieu tésis disusun ku Rétty Isnendes, salasaurang mahasiswi Program Pascasarjana Universitas Gadjah Mada dina taun 2004. Éta mangrupa sababaraha panalungtikan anu kungsi ngaguar ngeunaan génder, anu museurkeun panitenna kana ulikan féminisme, tétéla sanajan réa ulikan ngeunaan féminisme tapi anu nguar ngeunaan idéologi génder masih tacan aya.

Anapon salasahiji hasil panalungtikan anu ngaguar ngeunaan Carpon *Nu Harayang Dihargaan* karya Darpan nya éta Aspék Sosiologi Sastra Dina Kumpulan Carpon *Nu Harayang Dihargaan* Karya Darpan (Arif Ali Abdillah, 2013); Tipe Frasa Endosentrik dina Kumpulan Cerita Pendek *Nu Harayang Dihargaan* Karya Darpan (Anggi Fadillah, 2013).

Tina judul panalungtikan jeung konsep panalungtikan anu kungsi dilakonan, tétéla panalungtikan kalayan judul “Réprésentasi Idéologi Génder dina Kumpulan Carpon *Nu Harayang Dihargaan* Karya Darpan” tacan kungsi ditalungtik. Ku kituna ieu panalungtikan penting dilakonan pikeun ngeuyeuban kajian ngeunaan génder dina hirup kumbuh sastra Sunda.

1.2 Watesan Masalah jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Analisis idéologi génder ngawengku idéologi patriaki, idéologi familialisme, idéologi ibuisme, jeung idéologi umum, anu nyampak tina pamikiran jeung laku lampah tokoh dina hiji karya sastra.

1.2.2 Rumusan Masalah

Masalah anu nyampak dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Kumaha idéologi gender tina tokoh dina kumpulan carpon *Nu Harayang Dihargaan* karya Darpan ?
- 2) Kumaha kateuadilan génder anu karandapan ku tokoh wanoja dina kumpulan carpon *Nu Harayang Dihargaan* karya Darpan?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan tina ieu panalungtikan ngawengku dua tujuan, nya éta: 1) tujuan umum, jeung 2) tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Dumasar kana kasang tukang nu dipedar ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngaguar idéologi génder anu nyangkaruk dina kumpulan carpon *Nu Harayang Dihargaan* karya Darpan, kalawan maluruh unsur caritana.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) ngaidentifikasi tur ngadeskripsikeun idéologi génder tina tokoh dina kumpulan carpon *Nu Harayang Dihargaan* karya Darpan; jeung
- 2) ngaidentifikasi tur ngadeskripsikeun kateuadilan génder anu karandapan ku tokoh wanoja dina kumpulan carpon *Nu Harayang Dihargaan karya Darpan* disawang tina pamarekan kritik sastra feminis.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan ngawengku dua aspék, nya éta: 1) mangpaat tioritis, jeung 2) mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Ieu panalungtikan boga mangpaat pikeun ngeuyeuban analisis ngeunaan génder utamana idéologi génder dina karya sastra Sunda. Ogé pikeun nambahan pangweruh ngeunaan kritik sastra feminis dina hirup kumbuh kritik sastra Sunda.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Ieu panalungtikan dipiharep boga mangpaat praktis pikeun nambahan hasil panalungtikan sastra Sunda jeung sacara akademis bisa nyangking pangaweruh ngeunaan idéologi génder.

1.5 Raraga Tinulis

Ieu skripsi disusun jadi lima bab nya éta Bab I, Bab II, Bab III, Bab IV, jeung Bab V.

Bab I. Medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, identifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan nu dibagi jadi tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan nu dibagi jadi mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis, jeung struktur organisasi skripsi.

Bab II. Medar ngeunaan tiori-tiori nu jadi dadasar panalungtikan sarta posisi masalah nu ditalungtik dina widang paélmuan. Panalungtik ngabandingkeun sarta matalikeun masalah nu keur ditalungtik jeung tiori-tiori sarta hasil panalungtikan nu geus dilakukeun ku para ahli.

Bab III. Medar ngeunaan metode panalungtikan nu ngawengku jadi metode panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, desain panalungtikan, sumber data, wangenan operasional, jeung analisis data.

BAB IV. Ngadeskripsikeun hasil panalungtikan sarta pedaran atawa analisis *temuan* nu dipatalikeun jeung tiori-tiori dina Bab II.

Bab V. Medar ngeunaan tafsiran hasil analisis panalungtikan, kacindekan tina hasil panalungtikan, sarta saran ti panalungtik ngeunaan hasil anu aya patalina jeung panalungtikan.